



Sèvis Relasyon Kominote Depatman Jistis Etazini

Angaje ak bati Patenarya ak Mizilman Ameriken yo

Pwogram Depatman Jistis Etazini (DOJ) Sèvis Relasyon Kominotè a (CRS), *angaje e bati patenarya ak Mizilman Ameriken yo*, yon twa-zèdtan, kou fòmasyon an pèsòn, ekspè yo nan matyè a te dirije, ki te fèt pou familyarize lapolis, ak gouvènman ofisyèl yo, menm jan tou pou lidè sivik ak kominote yo, ak koutim ak aspè kiltirèl yo nan kominote Mizilman Ameriken an, ki gen ladan kwayans yo, pratik yo, ak dwa sivil ki gen rapò ak pwoblèm ki gen enpak sou kominote an.

Nasyon nou an anrichi nan divèsite li. Konprann kilti ak koutim nan divès kominote yo ka difisil ak konpléks pafwa. Ofisyè polis yo, premye sekouris yo, ak lòt otorite gouvènman ofisyèl yo, menm jan tou pou lidè kominote, dwa sivil yo, relije yo, lekòl, ak tribi yo, ka ranfòse relasyon yo ak kominote Mizilman Ameriken yo sèvi yo nan aprann sou sansiblite kiltirèl yo, pi bon pratik yo sou kijan pou angaje, ak pi bon metòd kominikasyon yo.

Apèsi sou Pwogram ▼



**Benefis ki genyen
nan Fòmasyon ▼**

Fasilité koperasyon
pou entèraksyon fasil

Etabli respè youn
ak lòt

Ogmante sekirite

Ranfòse
patenarya pou konstwi
konfyans piblik la

Enpòtans Konsyantizasyon Kominotè

Konsyantizasyon kominotè pèmèt rapò ak manm kominote yo nan yon fason enfòme. Leson sa a eksplike kijan konpreyansyon kwayans ak pratik relije yo nan yon kominote ankouraje amelyorasyon nan angajman yo epi detaye pwoblèm ki afekte Mizilman Ameriken yo.

Bati Konsyantizasyon ak Konpreyansyon

Leson sa a bay bagay de baz nan Mizilman Ameriken yo ak lafwa yo e sa ki enflisanse entèraksyon chak jou yo nan ede evite malantandi ak estereyotip, pandan y'ap idantife pratik angajman kominote ki konpatib yo.

Planifikasyon Angajman Kominotè

Leson sa idantife estrateji angajman kominote yo ki pouse pi bon pratik sou kòman pou kiltive ak avanse relasyon yo ak Mizilman Ameriken yo epi mete aksan sou benefis ki genyen nan kreye patenarya yo ant lapolis, piblik ofisyèl yo, ak kominote Mizilman Ameriken a.

Konsènan CRS ▼

Etabli anba Tit X nan Lwa sou Dwa Sivil 1964 yo ak elaji anba lwa 2009 pou Anpèchman Krim Rayisans nan Matthew Shepard la ak James Byrd, Jr la, CRS sèvi kòm "America's Peacemaker" pou kominate ki fè fas ak tansyon oswa konfli ki baze sou diferans ki genyen nan ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, reliyon, ak andikap. Sèvis CRS gen pou objektif pou amelyore kapasite kominate lokal yo pou evite ak rezoud konfli nan lavni poukout yo oswa nan kolaborasyon youn ak lòt atravè metòd pou rezoud pwoblèm, ogmante konesans, ak amelyore komunikasyon.

Sèvis ak Pwogram CRS yo ▼

CRS bay yon etalaj pwogram ak kominate ki gen tansyon yo, kòm yon zouti pou kiltive konpreyansyon, amelyore kolaborasyon, ak anpeche dezakò nan lavni. Anplwaye CRS yo se medyatè pwofesyonèl, fasilitatè, fòmatè, ak konsiltan ki gen eksperyans nan mete manm kominate yo ansanm pou ede amelyore kapasite yo nan rezoud konfli ki egziste deja ak anpeche konfli nan lavni.

Ki kote nou travay ▼

CRS Katye Jeneral

Washington, DC

Biwo Rejyonal CRS yo

Nouvo Angleterre

Boston, MA

Nòdès

New York, NY

Mitan-Atlantik

Philadelphia, PA

Sidès

Atlanta, GA

Mitan-wès

Chicago, IL

Sidwès

Dallas, TX

Santral

Kansas City, MO

Rocky Mountain

Denver, CO

Lwès

Los Angeles, CA

Nodwès

Seattle, WA


Biwo Andeyò CRS yo

Miami, FL

Houston, TX

Detroit, MI

San Francisco, CA



Jwenn nou, konekte ak nou ▼

www.justice.gov/crs



facebook.com/DOJCRS/



@DOJ_CRS



askcrs@usdoj.gov



202.305.2935

Pou plis enfòmasyon sou pwogram sa oswa lòt sèvis CRS yo, tanpri kontakte biwo CRS bò lakay ou a:

[https://www.justice.gov/crs/about-crs/regional-and-field-offices](http://www.justice.gov/crs/about-crs/regional-and-field-offices)